



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



KOMINIKÈ POU LAPRÈS

Sekretarya Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen anonse laprès ak piblik la gen yon nouvo Konsèy Administrasyon (KAd) nan tèt enstitisyon an. Akademisyen yo chwazi nan eleksyon Manm nouvo Konsèy sila a, dimanch 16 desanm 2018, nan okazyon 4èm Asanble Jeneral òdinè yo ki te dewoule nan vil Mibalè 15,16 ak 17 desanm.

Nouvo Konsèy Administrasyon an ki gen 7 Manm, pral dirije Akademi Kreyòl Ayisyen soti desanm 2018 pou rive desanm 2020. Men lis Akademisyen ki fè pati Konsèy la:

1. Akademisyen Pierre-André **PIERRE**, Prezidan
2. Akademisyen Michel Frantz **GRANDOIT**, Vis Prezidan
3. Akademisyen Guy Gérard **MENARD**, Sekretè Jeneral
4. Akademisyen Marie Jocelyne **TROUILLOT**, Konseye
5. Akademisyen Rosilia **FRANÇOIS**, Konseye
6. Akademisyen Michel Ange **HYPOLITE**, Konseye
7. Akademisyen Emmanuel Michel **BAZILE**, Konseye

Sekretarya Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen ap gen pou anonse bay laprès ak piblik la dat prezantasyon ofisyèl nouvo Manm Konsèy Administrasyon an.

Pòtoprens, 18 desanm 2018